

## Frè pou Renouvèlman Medayon ak Enspeksyon Machin

Meera Joshi

Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg

Afè Piblik

[frombera@tlc.nyc.gov](mailto:frombera@tlc.nyc.gov)

Rebecca Harshbarger

Afè Piblik

[harshbargerR@tlc.nyc.gov](mailto:harshbargerR@tlc.nyc.gov)

33 Beaver Street

22nd Floor

New York, NY 10004

### Frè pou Renouvèlman

Poutèt difikilte ki genyen nan sektè a, Konsèy Vil New York la ap konsidere kreye lwa pou egzaminen sektè medayon an. TLC p ap fè anyen kont nenpòt pwopriyetè medayon ki pa te ka peye frè pou Renouvèlman yo epi TLC pral kontinye konsa jiskaske Konsèy la konsidere yon nouvo lwa.

### Enspeksyon Machin

Tout taksi dwe toujou resevwa epi pase twa (3) enspeksyon machin chak ane. Sepandan, pou nou kapab amelyore kapasite Biwo Enspeksyon Woodside TLC a ak rann li pi fasil pou chofè taksi yo, premye enspeksyon taksi pou ane 2019 ap fè nan yon biwo enspeksyon DVM deyò epi se ou k ap chwazi li.

Premye enspeksyon machin ou an 2019 pa pral fèt nan Biwo Enspeksyon Woodside TLC a. Dezyèm ak twazyèm enspeksyon machin an 2019 yo ap fèt nan Biwo Enspeksyon Woodside la kòm dabitud.

Kisa sa vle di pou ou:

- Ant 1ye janvye 2019 ak 30 avril 2019 taksi ou a dwe pase yon enspeksyon sekirite ak emisyon nan nenpòt ki biwo enspeksyon Eta New York ki otorize pandan mwa otokolan enspeksyon ou a ekspire a. Pa egzanp, si otokolan enspeksyon ki sou machin ou a ekspire nan mwa mas 2019, ou dwe fè yo enspekte machin ou a ant 1ye mas 2019 ak 31 mas 2019.
- Si taksi ou a pwograme pou kanpe ant 1ye janvye 2019 ak 30 avril 2019, ou ka kontinye woule machin ou gen nan moman an jiskaske pwochen enspeksyon ou nan biwo enspeksyon Woodside TLC a. W ap toujou bezwen fè epi pase enspeksyon machin nan pandan mwa otokolan enspeksyon w la ekspire a.
- Yo pral remèt ou nenpòt peman ou te deja fè bay TLC pou enspeksyon ant janvye 2019 ak mas 2019 nan pwochen renouvèlman ou a.

Pou jwenn yon biwo enspeksyon DMV deyò ki pratik pou ou, tanpri ale sou sitwèb DMV a nan <https://process.dmv.ny.gov/FacilityLookup/>.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan ki kote oswa kilè pwochen enspeksyon sekirite ak emisyon ou a ap ye, tanpri kontakte TLCexternalaffairs@tlc.nyc.gov.